



KIDCARE KONNECTION

Yon bilten enfòmasyon trimestriyèl pou moun ki anrejistre nan Florida KidCare Prentan 2014

NAN PIBLIKASYON SA A...

- Lwa swen abòdab
- Aplikasyon KidCare
- Ou gen pwoblèm ak taks?
- Sourti mwa sa a
- Reprèzantasyon FKC ak chif
- Sa ki nan kit ou a?

THE AFFORDABLE CARE ACT (ACA) AK PWOTEKSYON FLORIDA KIDCARE OU

Eske w toujou pa konprann kijan Affordable Care Act (Lwa Swen Bon Mache) kapab gen yon enpak sou ou menm ak fanmi ou? Chans pou ou, pitit ou yo gen pwoteksyon Florida KidCare, epi ou pa bezwen fè anyen ou menm! Pitit ou yo ap kontinye resevwa asirans sante yo sou Florida KidCare. Sa vle di tou, fanmi yo ap menm kapab fè demann pou tout moun nan fanmi a (wi, menm granmoun tou) ak nou! Menm si Florida KidCare ap kontinye bay pwoteksyon pou timoun sèlman, kounye a nou ka rann li pi fasil pou fè enskripsyon pou Mache Federal la. Pou konnen si w kalifye, ou jis bezwen fè yon demann ak nouvo aplikasyon nou an (plis detay piba a!)



TIMOUN FÈT POU GEN ASIRANS!



NOUVÈL ANE, NOUVO FÒM APLIKASYON FLORIDA KIDCARE!

Pandan ane 2014 la vini sou nou, nou te tou lanse nouvo fòm aplikasyon Florida KidCare nou an! Fòm aplikasyon sa a te bon kòmanse 1ye janvyè 2014 pou akomode chanjman ki genyen nan Affordable Care Act la. Depi lè sa a, yo p ap aksepte okenn ansyen aplikasyon. Nouvo aplikasyon sa a mande mwens kesyon pou kouvri tout enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine si yon fanmi kalifye ou pa. Nou bezwen ede nou pataje nouvèl la! Eske w konnen yon fanmi ki vle fè demann pou Florida KidCare? Pa bliye mande yo pou yo al vizite www.floridakidcare.org epi klike sou 'Download a PDF' (Telechaje yon PDF) nan seksyon aplikasyon an pou yo ka jwenn nouvo aplikasyon an nan fòm ki ka enprime a. Pa bliye di yo fason ki pi fasil ak pi rapid la - demann sou entènèt. Yo ka vizite www.floridakidcare.org epi peye 'Apply Now' (Fè Demann Kounye a) pou kòmanse demann yo tou swit!



OU GEN PWOBLÈM AK TAKS? NOU GEN REPONS LA...EPI LI GRATIS!

Lè a rive sou nou ---sezon tèt chaje taks la! Men yon bagay ki pral ede destrese w. The Florida Prosperity Partnership (FPP) ak patnè li yo te lanse www.FreeFLTaxSites.org. Kisa sa pral itil ou? Sit wèb sa a ede nenpòt moun Florida jwenn biwo Asistans Benevòl Taks Sou Revni [Volunteer Income Tax Assistance (VITA)] oswa kote yo ede ou ranpli fòm taks ou poukont ou. Sa vle di ou gen posiblite pou rann lavi ou pi fasil. Si w bezwen yon moun ede w fas a fas, jis branche sou sit la epi chèche

yon biwo ki pi pre w. Epi tou ou ka ranpli taks ou lakay ou ak benevòl IRS sètifye ki kanpe la pou reponn kesyon ou yo! Pifò sèvis gratis yo disponib pou moun ki fè \$58,000 pa ane oswa pit pitit. Pou moun ki kalifye yo, gen kredi taks ki plis pase \$6,044 disponib sezon taks sa a. Pou konnen si w kalifye, ale sou www.FreeFLTaxSites.org.



SELEBRE (EPI PWOTEJE) SOURI PITIT OU MWA SA A!

Bon, timoun -- Sen Valanten fini! Li lè pou nou mete sirèt yo akote! Pou Selebre Mwa Fevriye, Mwa Nasyonal Pou Sante Dan Timoun, pale ak timoun ou yo sou kavite epi fè sante dan yon priyorite pou fanmi w. Kisa ki bon nouvèl la? Ou ka evite kavite nan dan nèt. Kisa ki move nouvèl la? Nenpòt t40 pousan timoun pral gen dan ki gade avan klas matènèl. Pa kite pitit ou fè pati estatistik

sa a. Montre yo jan pou yo bwose ak pase fil nan dan yo, bay yo ti goute ki gen yon ti kras sik epi montre yo enpòtans sante dan pou ede yo konbat ak dan gate. Eseye bay yo pat dan ak fliyò oswa vèsyon san sik ti goute yo pi renmen an. Goumen pou bay yo bon abitud non sèlman jodiya, men chak mwa nan ane a!

REPREZANTASYON FKC AK CHIF

Lè yo mande pou dekri yon fanmi Florida KidCare, li difisil pou mete tout fanmi nou yo nan yon sèl kategori. Mwayèn laj timoun aplikan pou Florida KidCare ane sa a te 8.72 ane. Mwayèn gwosè kay timoun aplikan an te 3.46 moun. Bon ki sa tout fanmi yo pataje? Se angajman nou pou òganizasyon nou an kontinye gouden pou sèvi ou ak anpil konpasyon, pou yo toujou pwofesyonèl, konsantre sou lafanmi, konprann kilti ou ak inovasyon chak jou Bondye mete! Eske w te konnen enskripsyon nan Florida KidCare te Ogmante pa 3% ane pase, ki vle di

kantite timoun nou sèvi yo te monte a prèske 2.1 milyon? Nan sèlman kat ane, depi 2008 jiska 2012, kantite timoun ki pa gen asirans de tonbe a prèske 6%, ki se plis pase 230,000 timoun! Nou vle pran yon minit pou remèsye w paske ou te fè yon gwo pati siksè Florida KidCare pou kontinye bese kantite timoun nan florida ki pa gen asirans. As asistans ou, nou kwè nou ka kontinye bese chif sa a nan ane k ap vini yo.



SA KI NAN KIT OU A?

Pandan li kòmanse ap fè cho epi timoun ou yo pral pran deyò a pou yo ankò, chans pou gen aksidan pandan y ap jwe pral monte men wotè. Eske kit premye swen w la plen? Li nesèsè pou gen yon kit ki byen chaje, epi ou dwe gen youn lakay ou ak youn nan machin ou pou jere nenpòt ijans a nenpòt ki lè.

Lakwawouj rekòmande bagay sa yo nan kit premye swen ou:

- Pansman konprès ki ka absòbe
- Pansman adezif
- Kolan twal adezif
- Pake krèm antibyotik
- Paske sèvyèt mouye pou dezenfekte
- Pake aspirin
- Lèn
- Konprès frèt enstantane
- Pè gan ki pa latèks
- 2 pake krèm idwokòtizon
- Sizo
- Woulo pansman
- 10 tanpon gaz esteril
- Tèmomèt oral
- Pens



Pou jwenn plis enfòmasyon sou kit premye swen, vizite www.redcross.org.

Florida KidCare

P.O. Box 980
Tallahassee, Florida 32302-0980

Liy enfòmasyon Florida KidCare:
1-888-540-5437

Sèvis Kliyan Florida KidCare:
1-800-821-5437

www.FloridaKidCare.org

KIDCARE KONNECTION

se yon bilten enfòmasyon gratis Florida Healthy Kids Corp. pwodui chak trimès.

NONPROFIT ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
TALLAHASSEE, FL
PERMIT NO. 801

OU KA SWIV NOU SOU SIT SOSYAL YO!

Florida Healthy Kids, yon patnè Florida KidCare, sou Facebook, Twitter, YouTube, epi li gen yon blòg! Swiv nou pou konn dènye enfòmasyon sou lasante ak konsèy sou kouman pou rete ansante:

www.twitter.com/flhealthykids

www.facebook.com/flhealthykids

www.flhealthykids.wordpress.com

www.pinterest.com/flhealthykids/

